



Enstriksyon pou Pasyan sou COVID-19 Apre Tès (Prelèvman Nasal)

KI SA M TA DWE FÈ PANDAN M AP TANN REZILTA MWEN AN?

Pou moun ki te gen sentòm lè yo te teste yo:

- Rete yon kote poukont ou nan kay ou. Si w ap viv ak lòt moun, izole pwòp tèt ou nan yon chanm prive, epi sèvi ak yon twalèt prive, si sa posib. Evite kontak avèk lòt moun otank posib.
- Mete yon mask lè w antre nan yon zòn kote divès lòt moun ap viv.
- Tout lòt moun k ap viv nan menm kay ak ou ta dwe rete la kay tou.

Pou moun yo te teste ki pat gen sentòm yo:

- Si ou **konnen ou te ekspoze** a yon ka ki te konfime pou COVID-19 lan, mete w an karantèn jiska 14 jou apre dènye ekspozisyon w lan, **kèlkeswa rezilta tès la**. Si w ap viv ak lòt moun, izole pwòp tèt pa ou nan yon chanm prive, epi sèvi ak yon twalèt prive, si sa posib.
- Evite kontak avèk lòt moun otank posib.
- Kontinye rete omwen 6 pye lwen lòt moun, lave men ou souvan, epi mete yon mask kouvri figi w pandan ou nan piblik oswa lè ou pa kapab aplike distans sosyal lakay ou.
- Si ou devlope sentòm yo, avize doktè w lan imedyatman pou piplis enstriksyon.

KISA M TA DWE FÈ SI REZILTA TÈS MWEN AN TA POZITIF?

- Voye mesaj bay tout moun ki te an kontak ak ou yo, di yo ke yo dwe plase pwòp tèt yo an karantèn lakay yo pandan 14 jou, kòmanse ak jou lè yo te kontak ak ou an. Pwosesis sa a gen ladann manm fanmi w yo ak tout lòt moun k ap viv nan menm kay ak ou yo.
- Izole pwòp tèt ou lakay ou jiskaske ou satisfè chak nan kondisyon sa yo
 1. Sa genyen omwen dis jou depi sentòm ou yo te fèk parèt **EPI**
 2. Sa genyen omwen 24 èdtan jou depi ou pa t gen lafyèv (san w pa t itilize medikaman pou w t kalme lafyèv lan) epi gen amelyorasyon nan sentòm respiratwa w yo (tankou pa egzanp, ou pa gen tous, souf kout).
- Kontinye siveye pwòp tèt pa w pou sentòm pandan katòz jou kòmanse ak dènye jou lè w te gen sentòm yo.
- Si sentòm ou yo vin pi mal oswa si ou bezwen entènè nan lopital, avize doktè w lan imedyatman epi swiv enstriksyon yo pou w mete yon mask lè ou rive nan etablisman an.

KISA POU M FÈ SI REZILTA TÈS MWEN AN NEGATIF?

- Si tès ou an negatif epi ou te konnen **ou te gen yon ekspozisyon** nan yon ka ki konfime, oswa yo te otremman enstwi w pou karantèn, ou dwe toujou rete nan karantèn jiska 14 jou apre ekspozisyon w lan.
- Si tès ou an negatif epi ou pa te konnen **ou te gen okenn ekspozisyon** nan yon ka konfime epi ou **pa gen okenn sentòm**, ou ka sispann karantèn pou pwòp tèt ou men kontinye aplike distans sosyal ak mete mask pou kouvwi figi w kote sa apwopriye. Yon tès negatif PA vle di ou pa ka vin enfekte ak COVID-19 pi devan, e ou dwe kontinye pran mezi prevansyon yo (kouvri figi ou, lave men ou epi kenbe distans sosyal).
- Si tès ou an negatif epi ou **ou pa konnen ou te janm ekspoze** a yon ka ki konfime, men ou **senptomatik**, ou kapab byen genyen yon lòt mikwòb respiratwa k ap sikile nan kominote a. Evite al travay ak patisipe nan gwoup jouk 24 èdtan aprè ou vin pa gen lafyèv ankò (san w pa t itilize medikaman ki pou kalme lafyèv lan) epi aktivite respirasyon w yo te amelyore.

KIJAN POU M FÈ JWENN REZILTA MWEN YO?

- Se sistèm lopital la, pratikan, oswa laboratwa ki fè tès la ki pral voye rezilta tès lan yo ba ou.
- Ou ka anmezi tou pou w jwenn aksè ak pwòp rezilta ou yo lè yo vin disponib nan Health Check Connect, ke Delaware Health Information Network (DHIN) ap patwone. Enskri w nan <https://mydhinphr.com>.
 - *Se pa tout laboratwa oswa pratikan yo ki transmèt rezilta yo bay DHIN — kontakte founisè w lan si w gen nenpòt kesyon.*

RESOUS POU PLIS ENFOMASYON.

- Pou plis enfòmasyon, ale nan: de.gov/coronavirus
- Èd yo disponib. Kontakte [Delaware nan 211](https://delaware.gov/211) pou w fè sa, rele 2-1-1 oswa voye yon tèks ak kòd postal nan 898-211.